



Premye 5 Bagay Pou Konnen Sou Vòt Antisipe An Pèsòn

Men repons pou senk kestyon moun poze souvan sou vòt antisipe an pèsòn pou Eleksyon Jeneral lan:

1. KISA KI VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN LAN?

Opsyon sa a pèmèt tout elektè ki enskri yo depoze bilten yo **an pèsòn, lè yo sèvi avèk yon machin pou vote, pandan yon peryòd nèf jou avan Jou Eleksyon an.** Ou kapab chwazi pou vote, an pèsòn, lè sa pi pratik pou orè pa ou.

2. KI KOTE MWEN KAPAB JWENN AKSÈ POU VOTE AN PÈSÒN AVAN JEU ELEKSYON AN?

- Kèlkeswa kote ou viv nan konte an, ou kapab vote bilten byen presi pa ou nan nenpòt lokal konte **pa ou** an deziyen pou vòt antisipe an pèsòn.
- Jwenn lokal nan konte ou yo nan sit **VOTE.NJ.GOV**.

3. KILÈ MWEN KAPAB JWENN AKSÈ POU VOTE AN PÈSÒN AVAN DAT ELEKSYON AN?

- Lokal pou vòt antisipe an pèsòn yo pral ouvè **samdi 29 oktòb jiska dimanch 6 novanm.**
- Yo pral ouvè nan lè **lendi pou samdi, 10:00 a.m.-8:00 p.m. epi dimanch, 10:00 a.m.-6:00 p.m.** Ou pa bezwen pran randevou pou sa. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.

4. E SI MWEN TE TOUJOU VOTE NAN LAPÒST, MEN KOUNYÈ AN MWEN VLE VOTE AVAN DAT ELEKSYON AN, AN PÈSÒN PITO?


- Si ou enskri pou vote nan lapòst nan Eleksyon Jeneral 2022 an, ou kapab depoze bilten ou an pèsòn avan dat eleksyon an oubyen **nan** jou eleksyon an avèk yon **bilten pwovizwa** yo pral ba ou nan lokal vòt antisipe oubyen nan biwo vòt ou an. Aprann plis enfòmasyon sou bilten pwovizwa yo nan sit **VOTE.NJ.GOV**.

5. ÈSKE MWEN KAPAB TOUJOU CHWAZI PAMI LÒT OPSYON POU VOTE?

Wi. Olye opsyon sa yo, ou kapab chwazi pou ou:

- Aplike pou yon **bilten pou vote-nan-lapòst** epi retounen li nan youn nan diferan fason sa yo...
 - 1... *Nan Lapòst:* Se pou li genyen kachè ki make pou pi ta 8:00 p.m. nan dat 8 novanm epi se pou Konsèy Eleksyon konte ou an resewa li nan dat 14 novanm pou pi ta.
 - 2... *Bwat Depo Bilten Sekirize:* Depoze li nan youn nan bwat depo bilten sekirize konte ou an pou pi ta a 8:00 p.m. nan dat 8 novanm. Ou kapab jwenn lokal bwat depo bilten yo sou sit **VOTE.NJ.GOV** lan.
 - 3... *Biwo Konsèy Eleksyon an:* Delivre li an pèsòn nan Biwo Konsèy Eleksyon konte ou an pou pi ta a 8:00 p.m. nan dat 8 novanm. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte Ofisyèl Eleksyon Konte ou nan sit **VOTE.NJ.GOV**.
- Oubyen, **vote an pèsòn** nan biwo vòt pa ou, a pati de 6:00 a.m. jis 8:00 p.m. **nan Jou Eleksyon an ki se 8 novanm.** Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo. Ale sou sit **VOTE.NJ.GOV** pou jwenn kiyès ki biwo vòt pa ou, ki sou list paj Lokal pou Vote, oubyen ann anglè Polling Locations.

NÒT: Bilten pou Vote-nan-Lapòst yo PA KAPAB depoze nan lokal vòt antisipe yo ni nan biwo vòt yo.



Gouvènè Phil Murphy
Sekretè Deta Tahesha Way

1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)
Vote.NJ.Gov

